

RÈGLEMAN AK PWOSEDE

| | | |
|--|---|--|
| Règleman # GA-018-055 | Règleman Pwogram Asistans Finansyè | Paj 1 sou 6 |
| Manyèl: Administrasyon Jeneral | | Seksyon: Sèvis Kontabilite Pasyan |
| Responsab: Vis-Prezidan Finans / Trezorye | | Dat Mizanplas: 06/2002 |
| | | Distribisyon: Tout sistèm nan |
| Moun ki aprouve li: | | |
| Règleman/Estanda: | | |
| Dat Koreksyon | 07/03, 03/04, 02/06, 09/08, 11/08, 01/09, 12/09, 12/13, 06/16 | |
| Dat Revizyon | 03/14, 06/16 | |

I. Objektif

Broward Health ofri yon pwogram asistans finansyè pou ede kouvri depans ki fèt nan kad sèvis dijans ak lòt sèvis medikal ki nesèsè. Se pou pasyan ki se rezidan pèmanan sou teritwa Broward Health, ki ranpli kondisyon ki ekri nan règleman sa a (pou yo rezime, gade Pyès Jwent A), epi ki pa gen lòt fason pou yo peye.

Kritè a baze sou pousantaj ki ekri nan Barèm Federal pou Povrete ki pi ajou a. Se Depatman Lasante ak Sèvis Imen ki drese barèm sa a; Rejis Federal la pibliye li pou li disponib bay tout moun.

Broward Health pap fè diskriminasyon kont yon pasyan poutèt ras, kredi, orijin nasyonal, sèks, laj, oswa relijyon. Teritwa Broward Health nan Konte Broward kòmanse depi Kanal Dania a, rive onò delimitasyon Konte Palm Beach.

II. Angajman pou Bay Sèvis Medikal Dijans

Broward Health pa fè diskriminasyon lè pou l bay moun swen medikal dijans, menm si règleman sa a ta di yo pa kalifye pou asistans finansyè. Broward Health pap janm fè anyen pou dekouraje moun chèche swen medikal dijans; paregzanp li pap mande pou pasyan nan depatman dijans la peye anvan pou yo resevwa tretman pou kondisyon medikal ki mande swen dijans, ni li pap pèmèt aktivite kreyansyè ki anpeche yo bay swen medikal dijans san diskriminasyon. Selon EMTALA, tout pasyan Broward Health dwe jwenn sèvis medikal dijans san diskriminasyon (tankou paregzanp transfè dijans), selon règleman EMTALA Broward Health.

III. Definisyon

AGB – se kantite lajan yo mete sou bòdwo yon moun, pou swen dijans ak lòt swen medikal ki nesèsè, lè moun nan gen asirans sante.

EMTALA – se Lwa sou Tretman Medikal Dijans avèk Travay Akouchman ki Kòmanse, 42 USC 1395dd.

Asistans Finansyè – se lè yo peye bil lopital pou yon pasyan poutèt fanmi li pase 12 mwa anvan detèminasyon an ap fè pi pita pase oswa ekivalan 200% Barèm Federal pou Povrete ki te ajou lè sa a (Definisyon sa a respekte definisyon Swen Charite Laflorid la, F.S. 409.911(1)(c).)

RÈGLEMAN AK PWOSEDE

| | | |
|-------------------------------|---|--------------------|
| Règleman #: GA-018-055 | Règleman Pwogram Asistans Finansyè | Paj 2 sou 6 |
|-------------------------------|---|--------------------|

Swen Medikal ki Nesesè – se sèvis Broward Health bay, ansanm ak ekipman li sèvi pou idantifye epi tretre yon maladi oswa yon domaj kòporèl, lè Broward Health panse yo (i) koresponn a sentòm, eleman dyagnostik ak tretman kondisyon, maladi, oswa domaj kòporèl la; (ii) apwopriye selon estanda bòn pratik medikal; (iii) pa pou komodite pasyan an; (iv) se ekipman ak nivo sèvis ki pi apwopriye pou yo bay pasyan an san risk; epi (v) nesèsè pou pwoteje lavi li, pou anpeche yon maladi grav oswa yon gwo andikap, oswa pou soulaje doulè grav. Lè se pou yon pasyan ki entène, sa vle di tou ke sentòm oswa kondisyon pasyan an lakòz yo dwe entène pasyan an pou yo bay sèvis sa yo epi sèvi ak ekipman sa yo san danje.

Rezidans Pèmanan – sa vle di yon moun ki pa sitwayen ameriken men ki rete Ozetazini epi ki gen yon estati legal ki bal dwa pou li rezide nan peyi a yon fason ki pèmanan.

Kat Idantite ak Foto ki Valid – sa vle di yon lisans leta bay, yon kat idantite leta bay, yon paspò ki gen so I-551, oswa yon grinkat ki valid.

IV. Sèvis ki Kalifye

Règleman sa a aplikab sèlman pou sèvis dijans ak lòt sèvis medikal ki nesèsè, man men Broward Health ak senten lòt pwofesyonèl sante. Ansanm ak règleman sa a, w ap jwenn Pyès Jwent B, ki bay enfòmasyon sou kijan pou w jwenn lis tout pwofesyonèl lasante, apa Broward Health li menm, ki bay swen dijans ak lòt swen medikal ki nesèsè nan Broward Health; li presize ki pwofesyonèl règleman sa a kouvri, epi ki pwofesyonèl li pa kouvri.

V. Mezi pou fè Tout Moun konnen gen Asistans Finansyè ki Disponib

Manadjè Aksè Pasyan / Sèvis Sante Kominotè / Sèvis Biznis Doktè nan chak lokal ap gen responsabilite pou fè tout moun konnen gen asistans finansyè ki disponib nan kominote Broward Health sèvi a. Pami bagay y ap fè, y ap afiche anons annan glè, kreyòl, pòtigè, ak panyòl, kote ki byen vizib nan tout espas enskripsyon yo, epi y ap esplikè moun gen dwa jwenn asistans finansyè pou sèvis yo resevwa oswa sèvis yo pwal resevwa, menm si moun sa yo pa kalifye pou lòt pwogram.

VI. Kijan pou Moun Aplike pou Asistans Finansyè

Broward Health ap asepte aplikasyon pou asistans finansyè nan men nenpòt ki moun, depi moun sa a ranpli senten kondisyon. Non sèlman moun nan dwe aplike, li dwe respekte tout kondisyon aplikasyon ak revizyon pwogram asirans sante lokal, deta, oswa federal. Pou yon moun aplike pou asistans finansyè, li dwe rasanble tout enfòmasyon yo mande li sou tchèklist la, epi li dwe rankontre pèsonèlman avèk yon konseye finansyè Broward Health pou ranpli yon aplikasyon pou èd finansyè sou entènèt.

Si yo wè aplikan an elijib pou lòt pwogram, aplikan an pap kalifye pou pwogram asistans finansyè Broward Health. Lè sa nesèsè, aplikan an dwe prezante prèv lòt pwogram te denye yo, avan yo aplike pou asistans finansyè. Si aplikan an refize aplike pou lòt pwogram asistans ki disponib (tankou paregzanp “Health Insurance Marketplace”, Medicaid, Medicare, Florida KidCare, ets.) epi li ranpli aplikasyon an, y ap deklare aplikan an pa elijib pou pwogram asistans finansyè Broward Health.

Yo egzije pou tout pasyan Broward Health aplike pou asistans finansyè lè yo pa gen lòt fason pou yo peye. Dokiman yo bay dwe koresponn a dat tretman an epi chak aplikan dwe gen yon kat idantite avèk foto ki valid.

RÈGLEMAN AK PWOSEDE

| | | |
|-------------------------------|---|--------------------|
| Règleman #: GA-018-055 | Règleman Pwogram Asistans Finansyè | Paj 3 sou 6 |
|-------------------------------|---|--------------------|

Chak aplikasyon dwe gen siyati aplikan an sou li, oswa siyati moun ki responsab la, pou sètifye enfòmasyon ki sou aplikasyon an vre epi kòrèk. Si yo dekouvri yon moun fè espere pou l bay manti, y ap denye aplikasyon an e yo pap rebran li an konsiderasyon.

Yo egzije pou moun k ap aplike pou asistans finansyè nan men Broward Health fè yon reprezantan Broward Health konnen si salè yo vin chanje pandan peryòd apwobasyon pou asistans finansyè a.

Chak aplikasyon pou asistans finansyè ap pran ka elijibilite tout moun fanmi an ki pa gen asirans epi ki sou lis aplikasyon an.

Lè li siyen aplikasyon pou asistans finansyè a, yo egzije pou aplikan an aplike epi asepte pwogram asirans sante lokal, leta, oswa federal, pami lèkèl "Health Insurance Marketplace". Si se pa sa, y ap revoke asistans finansyè yo te fin apwouve a.

Yo dwe ranpli aplikasyon pou èd finansyè a pandan peryòd aplikasyon an, ki kòmanse nan dat yo bay swen an epi ki fini dabitid 240^{èm} jou apati dat yo voye premye bòdwo apre egzayat la.

Sa va pran apeprè 30 jou pou yo pran ka aplikasyon pou asistans finansyè a apre yo resevwa li, sòf si ta gen sikonstans estwòdinè.

Lè yo apwouve aplikasyon an, aplikasyon sa a valid pou (12) mwa apati dat sèvis Inite Santral Asistans Finansyè a (Central Financial Assistance Unit oswa CFAU) fikse. Yo gen dwa revwa / chanje peryòd apwobasyon an nenpòt kilè; se Administrasyon Broward Health ki va deside sa.

VII. Kritè pou Kalikile Montan Lajan yo Mande Pasyan

Lè yon pasyan vin elijib pou asistans finansyè selon règleman sa a, lè yo mande pasyan an pou peye pou swen dijans oswa swen medikal ki nesèsè, yo pap mande li montan ki pi gwo pase montan yo mande moun ki gen asirans (AGB). Broward Health sèvi ak yon metòd ki rele "Look-Back" pou kalkile AGB. Avèk metòd sa a, pou kalkile AGB a, yo pran sòm tout reklamasyon pou swen dijans ak swen medikal ki nesèsè, ke Medicare "fee-for-service" ansanm ak tout asirans sante prive ki peye pou reklamasyon lòpital la fè, te apwouve sou yon peryòd 12 mwa, epi yo divize sòm sa a pa sòm frè brit ki asosye pou reklamasyon sa yo. Broward Health pwal kòmanse aplike pousantaj AGB apati 120^e jou alafen peryòd 12 mwa li itilize nan kalkil la. Piblik la gen dwa jwenn kisa pousantaj AGB a ye kounyeya, san yo pa peye anyen, si yo kontakte lopital la youn nan fason nou bay anba a.

Broward Health pa voye bòdwo, ni li pa atann peman, pou frè brit/total, lè yon moun kalifye pou asistans finansyè selon règleman sa a.

| | | |
|-------------------------------|---|--------------------|
| Règleman #: GA-018-055 | Règleman Pwogram Asistans Finansyè | Paj 4 sou 6 |
|-------------------------------|---|--------------------|

VIII. Kritè Elijibilite**1. REZIDANS**

- a. Règleman sa konsène sitwayen ameriken ki sitwayen denesans oswa natiralize, oswa rezidan ameriken, jan “United States Citizenship and Immigration Services” dekri yo, epi ki se rezidan pèmanan teritwa Broward Health pou omwen 30 jou anvan dat sèvis la.
- b. Lè yon rezidan pa rete Broward owa sitwayen yon lòt peyi vin mande tretman ki pa ijan, Broward Health egzije pou yo bay prèv yo kapab peye anvan yo entène yo oswa bay yo sèvis ki pa mande entènè. Lòt lopital gen dwa refere pasyan ki pa rezidan konte Broward oswa ki sitwayen lòt peyi al Broward Health poutèt lokal espesyalize li genyen, ansanm ak tout resous ki disponib, men sèlman si yo garanti peman epi gen yon antant pou transfè oswa plasman.
- c. Broward Health ap bay sèvis dijans pou pasyan ki entène lopital la epitou pasyan ki pa entènè, san li pa pran ankout estati rezidans oswa peman, lè moun nan prezante tèt li nan nenpòt ki lokal Broward Health epi doktè ki evalye li di li bezwen swen dijans.

2. SALÈ

- a. Selon Barèm Federal pou Povrete a, si fanmi yon aplikan ki kalifye/apwouve gen yon salè ki pi ba pase 200% Barèm Federal pou Povrete a, aplikan an va resewva asistans finansyè total-kapital; I ap senpleman gen pou fè yon kopeman. Si yon aplikan gen yon salè ki depase 200%, li pap kalifye pou asistans finansyè. Gade Pyès Jwent C pou montan kopeman yo.
- b. Pou wè si yon fanmi kalifye pou èd finansyè, y ap gade ki salè brit fanmi an fè pou ane a, sou peryòd 12 mwa anvan dat sèvis la.
- c. Yon aplikan gen dwa nan yon sitiyasyon ki fè l pa ka travay. Li gen dwa aplike / aplike ankò pou asistans finansyè, si yon eleman dyagnostik montre pasyan an pa kapab travay vre poutèt li malad. Si aplikan an bezwen yon tretman pou sove lavi li, y ap rebran an konsiderasyon dosye pasyan an, e y ap pran dezisyon baze sou sitiyasyon pasyan sa a.
- d. Tout pasyan ki entènè / pa entènè, epi ki gen Medicaid ak Medicaid HMO, deja kalifye kòm endijan selon Medicaid, kifè y ap soustrè alokasyon pou endijan yo a de nenpòt ki montan yo dwe lopiya la, apre yo pran an kont tout asirans yo genyen.

3. NIVO OTORITE POU APWOBASYON

- a. Tout aplikasyon yo ranpli kòm sadwa, ki akonpanye avèk tout dokiman yo mande yo, epi ki nan nivo povrete barèm nan bay, ap jwenn apwobasyon nan men yon reprezantan CFAU apre li fin verifye tout bagay.
- b. Se yon Direktè Administratif “Medical Center Business Operation” s oswa yon moun li chwazi ki pwal verifye yon aplikasyon oswa yon apèl ki enkonplè oswa ki pote dout, lè yo pa an mezi verifye elijibilite moun nan vrèman, baze sou dokiman li bay yo.
- c. VP Finans / Trezorye a dwe apwouve nenpòt ki eksepsyon ki genyen, an rapò ak rezidans oswa egzanpsyon pou lòt sous lajan. Y ap dokimante tout eksepsyon yo klèman, epi y ap vin fè pati aplikasyon an.

| | | |
|-------------------------------|---|--------------------|
| Règleman #: GA-018-055 | Règleman Pwogram Asistans Finansyè | Paj 5 sou 6 |
|-------------------------------|---|--------------------|

IX. Aksyon Lè Moun pa Peye

Nou bay enfòmasyon konsènan sa Broward Health gen dwa fè si yon moun pa peye, nan yon dokiman ki rele Règleman sou Bòdwo ak Kreyans. Piblik la gen dwa jwenn yon kopi gratis règleman sa a nan men Broward Health lè li kontakte lopital la youn nan fason ki ekri anba a.

X. Kowòdone Lopital la

Sitwèb Broward Health: www.browardhealth.org

Kowòdone Lokal Broward Health:

Broward Health Medical Center
(954)355-5442
1600 S Andrews Ave
Fort Lauderdale, FL 33316

Broward Health North
(954) 786-6589
201 E Sample Rd
Deerfield Beach, FL 33064

Broward Health Imperial Point
(954) 776-8708
6401 N Federal Highway
Fort Lauderdale, FL 33308

Broward Health Coral Springs
(954) 344-3006
3000 Coral Hills Drive
Coral Springs, FL 33065

Pou yon lis lòt lokal Broward Health, tankou paregzap lokal pou pasyan ki pa entène, sant swen dijans, ak klinik, vizite <http://www.browardhealth.org/Locations>.

XI. Règleman / Estanda

N/A

XII. Referans

F.S. 409.911(1)(c)
Kòd Enpo §§ 501(r)(4) (règleman sou asistans finansye); 501(r)(5) (limit sou frè); epi 501(r)(6) (kondisyon pou bòdwo ak kreyans) (epi Règleman Trezò a genyen)

XIII. Administrasyon ak Entèpretasyon

Entèpretasyon ak administrasyon règleman sa a, se responsabilite Vis Prezidan Finans / Trezorye.

RÈGLEMEN AK PWOSEDE

| | | |
|-------------------------------|---|--------------------|
| Règleman #: GA-018-055 | Règleman Pwogram Asistans Finansyè | Paj 6 sou 6 |
|-------------------------------|---|--------------------|

PYÈS JWENT B – LIS PWOFFESYONÈL LASANTE
PYÈS JWENT C – MONTAN KOPEMAN